

# Isa

## Chapter 37

Javanese Interlinear

Reference: Javanese Bible (SABDA)

אֶת־ ageman-piyambakipun <a href="#">H0853</a>	וַיִּקְרַע lan-nyuwek <a href="#">H7167</a>	חִזְקִיָּהוּ Hizkia <a href="#">H2396</a>	הַמֶּלֶךְ Raja <a href="#">H4428</a>	כְּשֹׁמֶעַ nalika-mireng <a href="#">H8085</a>	וַיְהִי lan-dados <a href="#">H1961</a>	1
יְהוָה: — <a href="#">H3068</a>	בֵּית יְהוּוָה Sang-Yehuwah	וַיָּבֵא griya <a href="#">H0935</a>	בְּשֶׁקַּע lan-mlebet <a href="#">H8242</a>	וַיִּתְכַּסּוּ kaliyan-karung <a href="#">H3680</a>	בְּנֻטְפֵי lan-nutupi-piyambakipun	

Bareng Sang Prabu Hizkia mireng kang mangkono iku, sanalika iku uga banjur nyuwek-nyuwek pangagemane, sarta banjur sesingeb bagor tuwin tumuli lumebet ing padalemaning Yehuwah.

הַסּוֹפֵר lan <a href="#">H7644</a>	שֹׁבֵנָא sekretaris <a href="#">H7644</a>	וְנָאֵת Sebna <a href="#">H0853</a>	הַבַּיִת lan <a href="#">H0853</a>	עַל־ griya	אֲשֶׁר־ ing-sanginggiling	אֶלְיָקִים kang <a href="#">H0471</a>	אֶת־ Elyakim <a href="#">H0853</a>	וַיִּשְׁלַח lan-ngutus <a href="#">H7971</a>	2
אָמוֹן Amos <a href="#">H0531</a>	בֶּן־ putra	יִשְׁעִיָּהוּ nabi	אֶל־ Yesaya <a href="#">H0413</a>	בְּשָׂקִים dhateng <a href="#">H8242</a>	מִתְכַּסִּים ing-karung <a href="#">H3680</a>	הַכְּהֹנִים nutupi <a href="#">H3548</a>	זָקֵן imam-imam <a href="#">H2205</a>	וְאֵת para-pinituwa <a href="#">H0853</a>	
הַנְּבִיאַ: — <a href="#">H5030</a>									

Sang Elyakim, panggedhening kraton, Sang Sebna sekretaris nagara tuwin para tetuwaning imam uga banjur kautus sowan ing ngarsane Nabi Yesaya bin Amos, kalawan mangagem bagor.

צָרָה kasusahan	יּוֹם־ dinten <a href="#">H3117</a>	חִזְקִיָּהוּ Hizkia <a href="#">H2396</a>	אָמַר ngandika <a href="#">H0559</a>	כֹּה־ makaten <a href="#">H3541</a>	אֵלָיו dhateng-piyambakipun <a href="#">H0413</a>	וַיֹּאמְרוּ lan-ngandika <a href="#">H0559</a>	3	
עַד־ ngantos <a href="#">H5704</a>	בָּנִים anak-anak	רָאוּ rawuh <a href="#">H0935</a>	כִּי־ amargi	הָיָה punika <a href="#">H2088</a>	הַיּוֹם dinten <a href="#">H3117</a>	וַיִּנְאָצָה lan-wirang	וַתּוֹכַחַהּ lan-paukuman	
		לְלִדָּה: kangge-miyosaken <a href="#">H3205</a>	אֵין mboten-wonten <a href="#">H0369</a>	וְכַח־ lan-kakiyatan	מִשָּׁבֵר panggenan-medal-bayi <a href="#">H4866</a>			

Iku padha matur: "Makaten pangandikanipun Sang Prabu Hizkia: Dinten punika dinten karupekan, dinten paukuman saha kawirangan; sabab sampun dumugi ing lekipun badhe nglairaken jabang-bayi, nanging boten wonten kakiyatan kangge nglairaken.

רַב־ kang <a href="#">H7262</a>	דְּבָרֵי Rabsakè <a href="#">H1697</a>	אֵת tembung-tembung <a href="#">H0853</a>	אֱלֹהִים Gusti-Allah-panjenengan <a href="#">H0430</a>	יְהוָה Sang-Yehuwah <a href="#">H3068</a>	יִשְׁמַע mireng <a href="#">H8085</a>	אֵילֵי bok-bilih <a href="#">H0194</a>	4
	אֱלֹהִים Gusti-Allah <a href="#">H0113</a>	וְאֲשׁוּר kangge-nyacad <a href="#">H0804</a>	מֶלֶךְ- gusti-piyambakipun <a href="#">H4428</a>	שָׁלוֹחַ Asyur <a href="#">H7971</a>	אֲשֶׁר raja	שָׂקָה ngutus-piyambakipun <a href="#">H7262</a>	
	אֲשֶׁר Sang-Yehuwah	בְּדְבָרִים mireng <a href="#">H1697</a>	וְהוֹכִיחַ kang <a href="#">H3198</a>	חֵי miturut-tembung-tembung	אֱלֹהִים lan-ngukum <a href="#">H0430</a>	לְחַרֵף kang-gesang	
	הַנְּמַצָּאָה: <a href="#">H4672</a>	הַשְּׂאֲרִית <a href="#">H7611</a>	בְּעַד <a href="#">H1157</a>	תְּפִלָּה <a href="#">H8605</a>	וְנִשְׂאָתָּ <a href="#">H5375</a>	אֱלֹהִים Gusti-Allah-panjenengan <a href="#">H0430</a>	יְהוָה <a href="#">H3068</a>
						שָׁמַע <a href="#">H8085</a>	

Bokmanawi Pangeran Yehuwah, Gusti Allah panjenengan, sampun midhanget pangucapipun, sampun midhanget pangucapipun priyagung juru pangunjukan ingkang kautus dening ratu ing Asyur, gustinipun, supados ngawon-awon Gusti Allah ingkang gesang, satemah Sang Yehuwah, Gusti Allah panjenengan, lajeng badhe paring paukuman, margi saking tembung-tembungipun ingkang sampun dipun pirengaken punika. Milanipun panjenengan kula aturi ndedonga kangge tirahan ingkang taksih kantun punika!"

יִשְׁעֵיָהוּ: Yesaya <a href="#">H0413</a>	אֶל- dhateng <a href="#">H0413</a>	חִזְקִיָּהוּ Hizkia <a href="#">H2396</a>	הַמֶּלֶךְ Raja <a href="#">H4428</a>	עַבְדֵי abdi-abdi <a href="#">H5650</a>	וַיָּבֹאוּ lan-ngandika <a href="#">H0935</a>	5
--	--	---	--	---	---	---

Nalika para priyagung abdine Sang Prabu Hizkia wus sowan ing ngarsane Nabi Yesaya,

אֶל- dhateng <a href="#">H0413</a>	תֹּאמְרוּן ngandika-priksa <a href="#">H0559</a>	כֹּה makaten <a href="#">H3541</a>	יִשְׁעֵיָהוּ Yesaya <a href="#">H0413</a>	אֱלֵיהֶם dhateng-piyambakipun-sadaya <a href="#">H0413</a>	וַיֹּאמֶר lan-ngandika <a href="#">H0559</a>	6
מִפְּנֵי saking <a href="#">H6440</a>	תִּירָא ajrih <a href="#">H3372</a>	אֶל- sampun <a href="#">H0408</a>	יְהוָה Sang-Yehuwah <a href="#">H3068</a>	אָמַר ngandika <a href="#">H0559</a>	וְכֹה makaten <a href="#">H3541</a>	אֲדִינִיכֶם gusti-panjenengan-sadaya <a href="#">H0113</a>
אֲשׁוּר Asyur <a href="#">H0804</a>	מֶלֶךְ- raja <a href="#">H4428</a>	נַעֲרֵי abdi-abdi <a href="#">H5288</a>	נְדָבָו nyacad-Kawula <a href="#">H1442</a>	אֲשֶׁר kang	שְׁמֹעַתָּ mireng-panjenengan <a href="#">H8085</a>	אֲשֶׁר kang
						תְּדַבְּרִים tembung-tembung <a href="#">H1697</a>

אוֹתִי:  
—  
[H0853](#)

banjur padha dipangandikani dening Nabi Yesaya mangkene: "Sami kula aturi munjuk dhumateng gusti panjenengan: Makaten pangandikanipun Sang Yehuwah: Sira aja wedi marang tetembungan kang sira rungu kang diucapake dening para bature raja Asyur kanggo ngala-ala marang Ingsun iku.

וְשָׁב lan-wangsul <a href="#">H7725</a>	שְׂמוּעָה kabar <a href="#">H8052</a>	וְשָׁמַע lan-mireng <a href="#">H8085</a>	רוּחַ roh <a href="#">H7307</a>	בּוֹ ing-piyambakipun	נוֹתֵן maringi <a href="#">H5414</a>	הַנְּי mangga-priksanana-Kawula <a href="#">H2009</a>	7
	בְּאַרְצוֹ: pedhang <a href="#">H0776</a>	בְּחָרֵב kaliyan <a href="#">H2719</a>	וְהַפְּלִתִיו lan-njatuhaken-Kawula-piyambakipun <a href="#">H5307</a>		אֲרָצוֹ tanah-ipun <a href="#">H0776</a>	אֶל- dhateng <a href="#">H0413</a>	

Lah Ingsun bakal ngutus roh supaya manjingi dheweke, kang njalari banjur mulih menyang ing nagarane amarga krungu sawijining kabar; Ingsun bakal damel supaya raja iku ambruk mati dening pedhang ana ing nagarane dhewe."

8  
 וַיִּשָּׁבּוּ רַב־שָׂקָה וַיִּמְצְאוּ אֶת־מֶלֶךְ אַשּׁוּר נִלְחָם עַל־לְבָנָה  
 lan-wangsul Rabsakè lan-manggih raja Asyur perang ing Libna amargi mireng  
[H7725](#) [H7262](#) [H4672](#) [H0853](#) [H4428](#) [H0804](#) [H3841](#)

כִּי שָׁמַע כִּי נָסַע מֶלְכֵי־שָׂקִי:  
 kesah kang saking-Lakhis  
[H8085](#) [H5265](#) [H3923](#)

Bareng priyagung juru pangunjukan mau bali, ratu ing Asyur tinemu lagi perang nglawan Libna; amarga was mireng, yen Sang Prabu was jengkar saka ing Lakhis.

9  
 וַיִּשְׁמַע עַל־תִּרְהָקָה מֶלֶךְ־בָּבֶל כִּי שָׁמַע בֹּשׁ לְאֹמֶר יָצָא לְהִלָּחֵם  
 lan-mireng bab Tirhaka raja Kus kangge-ngandika medal kangge-perang  
[H8085](#) [H8640](#) [H4428](#) [H0559](#) [H3318](#)

אֶתְּךָ וַיִּשְׁמַע וַיִּשְׁלַח וַיִּשְׁמַע לְאֹמֶר:  
 kaliyan-panjenengan lan-mireng lan-ngutus utusan-utusan dhateng kangge-ngandika  
[H0854](#) [H8085](#) [H7971](#) [H4397](#) [H0413](#) [H2396](#) [H0559](#)

Nalika samana Sang Prabu mireng kabar bab Sang Prabu Tirhaka, ratu nagara Etiopia, mangkene: "Panjenenganipun sampun pangkat badhe perang nglawan panjenengan dalem," tumuli ngintunake utusan-utusan marang ing ngarsane Sang Prabu Hizkia, kanthi kaweling mangkene:

10  
 כֹּה תֹאמְרוּן אֶל־חִזְקִיָּהוּ מֶלֶךְ־יְהוּדָה לְאֹמֶר סָמְפֹן  
 makaten ngandika-priksa dhateng Hizkia raja Yehuda kangge-ngandika sampun  
[H3541](#) [H0559](#) [H0413](#) [H2396](#) [H4428](#) [H3063](#) [H0559](#) [H0408](#)

וַיִּשְׁאַרְךָ אֱלֹהֵינוּ אֲשֶׁר אֵתָּה  
 nyasaraken-panjenengan Gusti-Allah-panjenengan kang pitados-panjenengan  
[H5377](#) [H0430](#)

בֹּטֵחַ בְּיָדֶיךָ לְאֹמֶר בְּיָדֶיךָ יְרוּשָׁלַם בְּיָדֶיךָ  
 ing-Panjenenganipun kangge-ngandika mboten dipun-serahaken Yerusalem ing-tangan raja  
[H0982](#) [H0559](#) [H3808](#) [H5414](#) [H3389](#) [H3027](#)

מֶלֶךְ אַשּׁוּר:  
 Asyur  
[H4428](#) [H0804](#)

"Sira padha matura marang Sang Prabu Hizkia, ratu ing Yehuda mangkene: Panjenengan sampun ngantos kenging dipun apusi dening Allah panjenengan ingkang panjenengan ugemi saha ingkang paring janji: Yerusalem ora bakal kaulungake marang ing tangane ratu ing Asyur.

11  
 וְהָיָה אֵתָּה שְׂמֵעָתָּה אֲשֶׁר עָשׂוּ מַלְכֵי אַשּׁוּר  
 mangga-priksanana panjenengan sampun-mireng punapa nindakaken raja-raja Asyur  
[H2009](#) [H8085](#) [H4428](#) [H0804](#)

לְכָל־הָאָרְצוֹת לְהַחֲרִימָם וְאֵתָּה תִּנְצֹל:  
 dhateng-sadaya tanah-tanah kangge-nglebur-piyambakipun-sadaya lan-panjenengan dipun-luwari  
[H3605](#) [H0776](#) [H5337](#)

Lah ta panjenengan sampun mireng bab punapa ingkang katandukaken dening para ratu ing Asyur dhumateng nagari-nagari sadaya, inggih punika sampun sami katumpes; punapa inggih panjenengan badhe kaluwaran?

12      הַהֲצִילֹו      אֹתָם      אֱלֹהֵי      הַגּוֹיִם      אֲשֶׁר      הַשְּׁחִיתוּ  
 punapa      ngluwari-piyambakipun-sadaya      dewa-dewa      bangsa-bangsa      kang      ngrisak  
[H5337](#)      [H0853](#)      [H0430](#)      [H7843](#)

אֲבוֹתָי      אֶת־      גּוֹזָן      וְאֶת־      תְּרוֹן      וְרֵזֶף      וּבְנֵי־      עֲדָן  
 leluhur-kawula      Gozan      lan-Haran      lan-Rezef      lan-putra-putra      Eden      kang      ing-Telasar  
[H0001](#)      [H0853](#)      [H1470](#)      [H0853](#)      [H7530](#)      [H5729](#)

בְּתֵלְשָׁר:  
 —  
[H8515](#)

| Punapa para allahipun para bangsa ingkang sampun kasirnakaken dening leluhur kula, saged ngluwari bangsa-bangsa wau, inggih punika Gozan, Haran, Rezef tuwin para turunipun Eden ingkang wonten ing Telasar?

13      אֵיחָה      מְלֹךְ־      חַמָּת      וּמְלֹךְ      אֲרָפָד      וּמְלֹךְ      לְעִיר      סַפְרַוַיִּם      הַנֶּעַ      וְעִוָּה:  
 wonten-ing-pundi      raja      Hamat      lan-raja      Arpad      lan-raja      kitha      Sefarwaim      Hena      lan-Iwa  
[H0346](#)      [H4428](#)      [H2574](#)      [H4428](#)      [H0774](#)      [H4428](#)      [H2012](#)      [H5617](#)      [H5755](#)

| Wonten ing pundi ta ratu ing nagari Hamat saha Arpad, ratu ing kitha Sefarwaim, ratu ing nagari Hena sarta Iwa?"

14      וַיִּקַּח      חִזְקִיָּהוּ      אֶת־      הַסַּפְּרָיִם      מִיָּד      הַמְּלָאָכִים  
 lan-mendhet      Hizkia      serat      saking-tangan      utusan-utusan      lan-maos-piyambakipun  
[H3947](#)      [H2396](#)      [H0853](#)      [H3027](#)      [H4397](#)

וַיִּקְרָאָהּ      וַיַּעַל      בֵּית      יְהוָה      וַיִּפְרָשָׁהּ      חִזְקִיָּהוּ  
 lan-mingguh      Hizkia      griya      Sang-Yehuwah      lan-njembaraken-piyambakipun      ing-ngajeng  
[H7121](#)      [H5927](#)      [H3068](#)      [H6566](#)      [H2396](#)

לְפָנָי      יְהוָה:  
 Sang-Yehuwah  
[H6440](#)      [H3068](#)

| Sang Prabu Hizkia tampi layang mau saka ing tangane para utusan, banjur kawaos; sawuse maos nuli lumebet ing padalemaning Sang Yehuwah sarta mbeber layang mau ana ing ngarsaning Yehuwah.

15      וַיִּתְפַּלֵּל      חִזְקִיָּהוּ      אֶל־      יְהוָה      לְאֹמַר:  
 lan-ndedonga      Hizkia      dhateng      Sang-Yehuwah      kangge-ngandika  
[H6419](#)      [H2396](#)      [H0413](#)      [H3068](#)      [H0559](#)

| Sang Prabu Hizkia tumuli ndedonga ana ing ngarsaning Pangeran Yehuwah, unjuke:

16      יְהוָה      צְבָאוֹת      אֱלֹהֵי      יִשְׂרָאֵל      יֵשֵׁב  
 dhuh-Sang-Yehuwah      Zebaot      Gusti-Allah-Israel      kang-lenggah      ing-sanginggiling-kerubim  
[H3068](#)      [H0430](#)      [H3478](#)      [H3427](#)

הַכְּרֻבִים      אֶת־      הוּא      הָאֱלֹהִים      לְבָרְךָ      לְכֹל  
 Panjenengan      Panjenenganipun      Gusti-Allah      piyambakan      kangge-sadaya      kerajaan-kerajaan  
[H3742](#)      [H1931](#)      [H0430](#)      [H0905](#)      [H3605](#)

מִמְּלֻכּוֹת      הָאָרֶץ      אֲדָמָה      עֲשִׂיתָ      אֶת־      הַשָּׁמַיִם      וְאֶת־      הָאָרֶץ:  
 bumi      Panjenengan      ndamel      langit      lan      bumi      —      —  
[H4467](#)      [H0776](#)      [H0853](#)      [H8064](#)      [H0853](#)      [H0776](#)

| "Dhuh Yehuwah, Gustining sarwa tumitah, Gusti Allahipun Israel ingkang adhedhampar ing sanginggiling kerubim! Namung Paduka piyambak ingkang jumeneng dados Allahipun sakathahing karajan ing bumi; Paduka ingkang nitahaken langit kaliyan bumi.

פְּקִיחַ bikak-priksa <a href="#">H6491</a>	וּשְׁמִיעַ lan-mireng-priksa <a href="#">H8085</a>	אֲזֻנָּה kuping-Panjenengan <a href="#">H0241</a>	וְיִהְיֶה dhuh-Sang-Yehuwah <a href="#">H3068</a>	הַשֵּׁה selehna <a href="#">H5186</a>
---	--	---	---	---

אֵת sadaya <a href="#">H0853</a>	וּשְׁמִיעַ lan-mireng-priksa <a href="#">H8085</a>	וְרֵאָה lan-mirsani-priksa <a href="#">H7200</a>	עֵינָהּ mripat-Panjenengan	וְיִהְיֶה dhuh-Sang-Yehuwah <a href="#">H3068</a>
--	--	--	-------------------------------	---

קִי: —	אֱלֹהִים kang-gesang <a href="#">H0430</a>	לְחַרָּף Gusti-Allah	שָׁלַח kangge-nyacad <a href="#">H7971</a>	אֲשֶׁר ngutus	סְנַחֲרִיב kang <a href="#">H5576</a>	דְּבָרֵי Sanherib <a href="#">H1697</a>	כָּל- tembung-tembung <a href="#">H3605</a>
-----------	--	-------------------------	--	------------------	---	---	---

Dhuh Yehuwah, Paduka mugè karsaa nanggapaken talingan Paduka saha karsaa miyarsakaken; dhuh Yehuwah, Paduka mugè karsaa ngelekaken paningal paduka saha karsaa mirsani; Paduka mugè karsaa midhangetaken sakathahing pitembunganipun Sanherib, ingkang kakintunaken kangge ngawon-awon Gusti Allah ingkang gesang.

הָאֲרָצוֹת lan <a href="#">H0776</a>	כָּל- tanah-tanah <a href="#">H3605</a>	אֵת- sadaya <a href="#">H0853</a>	אֲשֹׁר Asyur <a href="#">H0804</a>	מַלְכֵי raja-raja <a href="#">H4428</a>	הַחֲרִיבֵי ngrisak	וְיִהְיֶה dhuh-Sang-Yehuwah <a href="#">H3068</a>	אֲמֵנָם saestu <a href="#">H0551</a>
--	---	---	--	---	-----------------------	---	--

אֲרָצָם: —	וְאֵת tanah-piyambakipun-sadaya <a href="#">H0853</a>
<a href="#">H0776</a>	

Dhuh Yehuwah, para ratunipun nagari Asyur pancen sampun nyirnakaken sakathahing bangsa sanagarinipun,

אֱלֹהִים dewa-dewa <a href="#">H0430</a>	לֹא sanès <a href="#">H3808</a>	כִּי amargi	בְּאֵשׁ latu <a href="#">H0784</a>	אֵת- אֱלֹהֵיהֶם ing <a href="#">H0430</a>	וְיִתֵּן dewa-dewa-piyambakipun-sadaya <a href="#">H0853</a>	lan-maringi <a href="#">H5414</a>
--	---------------------------------------	----------------	--	--	--	--------------------------------------

עַץ lan-sela <a href="#">H6086</a>	אֲדָם kayu <a href="#">H0120</a>	יְדֵי- manungsa <a href="#">H3027</a>	מַעֲשֵׂה tangan <a href="#">H4639</a>	אִם- padamelan	כִּי kejawi-namung	הִמָּה piyambakipun-sadaya <a href="#">H1992</a>
--	--	---	---	-------------------	-----------------------	--

וַיִּאֲבְדוּם: —	וְאֵבֶן lan-nglebur-piyambakipun-sadaya <a href="#">H0068</a>
<a href="#">H0006</a>	

saha allahipun sami kacemplungaken ing latu, amargi punika sanès Gusti Allah, nanging namung kadamel dening tanganing manungsa, kajeng tuwin sela, mila saged karisak dening tiyang.

הוּשִׁיעֵנִי nylametaken-kawula-sadaya-priksa <a href="#">H3467</a>	אֱלֹהֵינוּ Gusti-Allah-kawula <a href="#">H0430</a>	וְיִהְיֶה dhuh-Sang-Yehuwah <a href="#">H3068</a>	וְעֵתָהּ lan-sapunika <a href="#">H6258</a>
---	---	---	---

אֲתָהּ Panjenengan	כִּי- bilih	הָאֲרֶץ bumi <a href="#">H0776</a>	מִמְלְכוֹת kerajaan-kerajaan <a href="#">H4467</a>	כָּל- sadaya <a href="#">H3605</a>	וַיִּדְעוּ lan-ngertos <a href="#">H3045</a>	מִיָּדָי saking-tangan-piyambakipun <a href="#">H3027</a>
-----------------------	----------------	--	--	--	--	---

לְבִדְךָ: piyambakan <a href="#">H0905</a>	וְיִהְיֶה Sang-Yehuwah <a href="#">H3068</a>
--	--

Ingang punika, dhuh Yehuwah, Gusti Allah kawula sadaya, sapunika mugè Paduka karsaa nguwalaken kawula sadaya saking ing tanganipun, supados sakathahing karajan ing bumi sami sumerep, bilih namung Paduka piyambak punika ingkang jumeneng Pangeran Yehuwah."

אָמַר ngandika H0559 כָּה־ makaten H3541 לְאָמַר kangge-ngandika H0559 חִזְקִיָּהוּ Hizkia H2396 אֶל־ dhateng H0413 אָמוּץ Amos H0531 בֶּן־ putra H0531 יֵשַׁעְיָהוּ Yesaya H0531 וַיִּשְׁלַח lan-ngutus H7971 21

אֵלַי bab H0413 הַתְּפִלָּה dhateng-Kawula H6419 אֲשֶׁר ndedonga-panjenengan H0413 יִשְׂרָאֵל kang H3478 אֱלֹהֵי Gusti-Allah-Israel H0430 יְהוָה Sang-Yehuwah H3068

אֶל־ Sanherib H0413 מֶלֶךְ־ אַשּׁוּרִי: — H0804 אַשּׁוּרִי Asyur H4428 סַנְחֶרִיב־ raja H5576

Nabi Yesaya bin Amos nuli utusan wong sowan marang ing ngarsane Sang Prabu Hizkia, kadhawuhan munjuk: "Makaten pangandikanipun Pangeran Yehuwah, Gusti Allahipun Israel: Bab apa kang wus sira unjukake marang Ingsun ana ing pandonga tumrap Sanherib, ratu ing Asyur,

עָלַי bab-piyambakipun H3068 יְהוָה Sang-Yehuwah H3068 דָּבַר ngandika H1696 אֲשֶׁר־ kang H1697 תְּדַבֵּר pangandika H1697 זָה punika H2088 22

בְּתוֹלַת Sion H1330 לֵךְ anak-wadon H1330 לְעֵנָה prawan H3932 לֵךְ ngece-panjenengan H3932 בְּזָה ngremehaken-panjenengan H0959

יְרוּשָׁלַם: — H3389 בֵּת־ — H1323 הַיְרוּשָׁמַיִם Yerusalem H5128 רֵאשׁ־ anak-wadon H5128 אֲחֵרִיךָ goyangaken H6726 צִיּוֹן mustaka-ipun H6726 בַּת־ ing-wingking-panjenengan H1323

mangkene pangandika kang wus kalairake dening Sang Yehuwah tumrap ratu iku: Kenya, yaiku putri ing Sion, wus ngremehake sira, wus moyoki sira; sarta putri ing Yerusalem wus gedheg-gedheg ana ing burinira.

הַרִימוֹתָהּ מִי נginggahaken-panjenengan H4310 וְעַל־ sinten H4310 חֶרֶבְתָּ lan-ing H4310 חֶרֶבְתָּ lan-nyacad H4310 מִי nyacad-panjenengan H4310 אֶת־ sinten H0853 23

יִשְׂרָאֵל: — H3478 קְדוֹשׁ־ Israel H6918 אֶל־ Inggil-Suci H0413 עִינִיךָ dhateng H4791 מְרוֹם inggil H4791 וַתִּשָּׂא mripat-panjenengan H5375 קוֹל lan-ninggahaken H5375

Sapa kang sira cacad lan sira ala-ala iku? Sapa kang sira sumbari lan kang sira deleng kalawan gumunggung iku? Kang Mahasuci, Gusti Allahe Israel!

וַתֹּאמֶר lan-ngandika-panjenengan H0559 אֲדֹנָיִי Gusti H0136 וַחֲרַבְתָּ nyacad-panjenengan H0136 עַבְדֵיךָ abdi-abdi-panjenengan H5650 בְּיַד ing-tangan H3027 24

לְבָנוֹן kidul H3844 יְרֵכְתִי sisih H3411 הָרִים ardi-ardi H2022 מְרוֹם pucuk H4791 עֲלִיתִי minggah H5927 אָנִי kawula H0589 רֶכְבִּי kreta-kreta-perang-kawula H7393 כָּל־בְּבַב kaliyan-kathah H7230

מְרוֹם lan-kawula-mlebet H4791 וְאֵבֹא cemara-cemara-ipun H0935 בְּרִשׁוֹן pilihan H1265 מִבְּתָר aras-ipun H4005 אֲרָזוֹן pucuk H0730 קוֹמַת lan-kawula-negor H6967 וְאֶכְרֹת Libanon H3772

כַּרְמֶלְכוֹ: alas H3759 יַעַר tujuan-ipun H3759 קֶצֶוֹ pucuk H7093

Sira wus nenacad Pangeran lumantar para baturira, sarta sira wus ngucap: Ingsun wus munggah ing papan-papan kang dhuwur ing pagunungan, kalawan kretaningsun kang akeh cacaha, menyang papan kang adoh dhewe ing gunung Libanon; ing sun wus negori wit-wite eres kang gedhe dhuwur, wit-wite beres kang pilihan; ing sun wus lumebu ing panggonan kang dhuwur kang ana ing poncot dhewe, menyang ing alase wit-witan kang ketel.

כַּעֲמִי	בְּכַף־	וְאַחֲרַב	מַיִם	וְשִׁתִּיתִי	קָרְתִּי	אֲנִי	25
suku-kawula	kaliyan-telapak	lan-kawula-nagasaken	toya	lan-ngombe	ngedhuk	kawula	
<a href="#">H6471</a>	<a href="#">H3709</a>		<a href="#">H4325</a>	<a href="#">H8354</a>		<a href="#">H0589</a>	

מִצְרַיִם:	יָאֲרִי	כָּל־
Mesir	lèpèn-lèpèn	sadaya
<a href="#">H4693</a>	<a href="#">H2975</a>	<a href="#">H3605</a>

Ingsun iki wus ndhudhuk banyu lan wus ngunjuk banyu; ingsun wus ngasatake sakehing kali ing tanah Mesir kalawan tlapaking sampeyaningsun!

מִיָּמִי	עֲשִׂיתִי	אוֹתָהּ	לְמַרְחֹק	שָׁמַעַתְּ	הֲלוֹא־	26
kawula-nindakaken	piyambakipun	saking-tebih	mireng-panjenengan	mboten	punapa	
<a href="#">H3117</a>		<a href="#">H0853</a>	<a href="#">H7350</a>	<a href="#">H8085</a>	<a href="#">H3808</a>	

הַבְּאֲתִיחַ	עֲתָהּ	וַיִּצְרְתִּיהָ	קָדָם
sapunika	lan-kawula-mbentuk-piyambakipun	kuna	saking-dinten-dinten
<a href="#">H0935</a>	<a href="#">H6258</a>	<a href="#">H3335</a>	

נִצְיָיִם	נְגָלִים	לְהַשְׁאִוֹת	וַתְּהִי
tumpukan-tumpukan-reruntuhan	kangge-ngremuk	lan-dados	kawula-ngleksanakaken-piyambakipun
	<a href="#">H1530</a>	<a href="#">H7582</a>	<a href="#">H1961</a>

בְּצֻרֹת:	עָרִים
kukuh	kitha-kitha
<a href="#">H1219</a>	

Apa sira durung krungu, manawa wus suwe banget anggoningSun memtokake iku mau kabeh lan wus wiwit jaman purwa anggoningSun ngrancang? Saiki iku Sunwjudake, yaiku anggonira gawe sepi mamringe kutha-kutha beteng sira dadekake tumpukan watu,

וּבִשְׁוֹ	חֲתוּ	יָד־	קֶצֶר־	וּשְׁבִיחֹן	27
lan-isin	giris	tangan	cendhak	lan-tiyang-tiyang-ingkang-manggèn-ing-piyambakipun-sadaya	
<a href="#">H0954</a>	<a href="#">H2865</a>	<a href="#">H3027</a>	<a href="#">H7116</a>	<a href="#">H3427</a>	

לְפָנַי	וְשֹׁדְמָה	נְנוֹת	חֲצִיר	רִשְׁאָ	יֵרֶק	שָׂדֶה	עֵשֶׂב	הָיָה
saderengipun	lan-gandum-gosong	payon	suket	rumput	lan-ijo	pategalan	suket	dados
<a href="#">H6440</a>	<a href="#">H7709</a>	<a href="#">H1406</a>		<a href="#">H1877</a>	<a href="#">H3419</a>		<a href="#">H6212</a>	<a href="#">H1961</a>

קָמָה:
ngadeg
<a href="#">H7054</a>

dene wong-wong kang padha manggon ing kono kang tanpa daya banjur padha kaget lan wirang; padha dadi kaya tetuwuhan ing ara-ara lan kaya suket kang ijo, kaya suket kang ana ing payon, utawa kaya gandum kang alum sadurunge tuwa.

יָדַעְתִּי	וּבֹאֲרָה	וְצִאֲתָהּ	וְשִׁבְתָהּ	28
kawula-pirsa	lan-mlebet-panjenengan	lan-medal-panjenengan	lan-lenggah-panjenengan	
<a href="#">H3045</a>	<a href="#">H0935</a>	<a href="#">H3318</a>	<a href="#">H3427</a>	

אֵלַי:	הַתְּרַנֵּן	וְאֵת
—	dhateng-Kawula	lan-duka-panjenengan
<a href="#">H0413</a>	<a href="#">H7264</a>	<a href="#">H0853</a>

Ingsun mirsa, manawa sira tangi utawa lungguh, manawa metu utawa lumebu, utawa manawa sira ngamuk marang Ingsun.

עֲלָה minggah <a href="#">H5927</a>	וּשְׁאַנְנָה lan-swanten-ribut-panjenengan <a href="#">H7600</a>	אֲלִי dhateng-Kawula <a href="#">H0413</a>	הִתְרַנֵּן duka-panjenengan <a href="#">H7264</a>	יָעַן jalaran <a href="#">H3282</a>	29
---	--	--	---	---	----

בְּאֶפְדִּי ing-grana-panjenengan <a href="#">H0639</a>	חֲרִי pancing-Kawula <a href="#">H2397</a>	וּשְׁמָרִי lan-Kawula-masang <a href="#">H0241</a>	בְּאִזְנִי ing-kuping-Kawula <a href="#">H0241</a>	
בְּדַרְדָּר ing-margi <a href="#">H1870</a>	וְהִשִּׁיבֵתִיךָ lan-Kawula-mbalekaken-panjenengan <a href="#">H7725</a>	בְּשִׁפְתֶיךָ ing-lambe-panjenengan <a href="#">H8193</a>	וּמִתְנִי lan-kendhali-Kawula <a href="#">H4964</a>	
		בָּהּ ing-piyambakipun	בָּתָּה rawuh-panjenengan <a href="#">H0935</a>	אֲשֶׁר- kang

Ing sarehne sira wus ngamuk marang Ingsun, lan tembung-tembungira kang gumunggung wus sumengka marang ing talinganingSun, mulane Ingsun bakal ngetrapake keluhingSun ing irungira tuwin kendhaliningSun ing lambenira, sarta Ingsun bakal ngulihake sira liwat ing dalan, kang sira liwati nalika teka.

וּבְשִׁנָּה kang-tuwuh-piyambak <a href="#">H8141</a>	סְפִיחַ punika <a href="#">H8141</a>	הַשָּׁנָה taun <a href="#">H8141</a>	אֲכֹל nedha <a href="#">H0398</a>	הָאוֹת tandha <a href="#">H0226</a>	לָנֶה kangge-panjenengan	וְזָה- lan-punika <a href="#">H2088</a>	30
וּקְצָרִי tanem-priksa	זָרְעִי kaping-tiga <a href="#">H2232</a>	הַשְּׁלִישִׁית lan-ing-taun <a href="#">H7992</a>	וּבְשִׁנָּה turunan-piyambakipun <a href="#">H8141</a>	שְׁחִיס kaping-kalih <a href="#">H7823</a>	הַשְּׁנִית lan-ing-taun <a href="#">H8145</a>		
	פְּרִיָּם: woh-ipun <a href="#">H6529</a>	(וְ)אֲכֹלִי lan-nedha-priksa <a href="#">H0398</a>	[וְ]אֲכֹלִי kebon-anggur <a href="#">H0398</a>	כְּרָמִים lan-tanem-priksa <a href="#">H3754</a>	וְנִטְעִי lan-panen-priksa <a href="#">H5193</a>		

Anadene iki kang bakal dadi tandhal tumrap sira, he Hizkia: Ing sajroning taun iki wong bakal mangan apa kang thukul dhewe, lan ing taun kang kapindho apa kang tuwuh saka tanduran kang kawitan, nanging ing sajroning taun kang katelu sira bakal nyebar, banjur panen gawe kebon anggur lan mangan wohe.

לְמַטָּה mangandhap <a href="#">H4295</a>	שָׂרָשׁ oyod <a href="#">H8328</a>	הַנְּשָׂאָה kang-kantun <a href="#">H7604</a>	יְהוּדָה Yehuda <a href="#">H3063</a>	בֵּית- griya	פְּלִיטָה tiyang-tiyang-ingkang-oncat <a href="#">H6413</a>	וְיִסְפָּה lan-nambah <a href="#">H3254</a>	31
					לְמַעַלָּה: — <a href="#">H4605</a>	פְּרִי manginggil <a href="#">H6529</a>	וְעָשָׂה lan-metokaken-woh

Panunggalane turune Yehuda kang padha bisa oncat, yaiku para wong kang isih kari, bakal ngoyod maneh mangisor sarta mandhuwur metokake woh.

וּפְלִיטָה lan-tiyang-tiyang-ingkang-oncat <a href="#">H6413</a>	שְׂאֵרִית tiyang-tiyang-sisa <a href="#">H7611</a>	הַצָּא medal <a href="#">H3318</a>	מִירוּשָׁלַם saking-Yerusalem <a href="#">H3389</a>	כִּי amargi	32		
ס — <a href="#">H2063</a>	זָאת: punika <a href="#">H2063</a>	תַּעֲשֶׂה- nindakaken	צְבָאוֹת Zebaot	יְהוָה Sang-Yehuwah <a href="#">H3068</a>	קְנֵאת semangat <a href="#">H7068</a>	צִיּוֹן Sion <a href="#">H6726</a>	מֵתָר saking-Gunung <a href="#">H2022</a>

Awit saka ing Yerusalem bakal metune wong-wong kang kari lan saka ing gunung Sion wong-wong kang bisa oncat; bentering panggalihe Yehuwah, Gustine sarwa dumadi kang bakal tumindak mangkono.

אֶל־ dhateng <a href="#">H0413</a>	יְבוּא mlebet <a href="#">H0935</a>	לָא mboten <a href="#">H3808</a>	אֲשׁוּר Asyur <a href="#">H0804</a>	מֶלֶךְ raja <a href="#">H4428</a>	אֶל־ bab <a href="#">H0413</a>	יְהוָה Sang-Yehuwah <a href="#">H3068</a>	אָמַר ngandika <a href="#">H0559</a>	כֹּה־ makaten <a href="#">H3541</a>	לְכֹן pramila	33	
וְלֹא־ ngajengaken-piyambakipun <a href="#">H3808</a>	תִּן lan-mboten <a href="#">H2671</a>	שָׁם panah <a href="#">H8033</a>	יֹרֵה mbucal-ing-ngriku	וְלֹא־ lan-mboten <a href="#">H3808</a>	הָזֹאת punika <a href="#">H2063</a>	הָעִיר kitha	יְקַדְמֶנָּה tameng <a href="#">H6923</a>	מִזֵּן lan-mboten <a href="#">H4043</a>	וְלֹא־ numpuk <a href="#">H3808</a>	יְשָׁפֵךְ ing-piyambakipun <a href="#">H8210</a>	סִלְלָה: — <a href="#">H5550</a>

Mulane mangkene pangandikane Sang Yehuwah tumrap ratu ing Asyur: Wong iku bakal ora lumebu ing kutha kene lan ora bakal nglepasake panahe mrene; uga ora bakal nekani kalawan tameng lan uga ora bakal ngundhug-undhug lemah kanggo tanggul pangepungan.

לָא mboten <a href="#">H3808</a>	הָזֹאת punika <a href="#">H2063</a>	הָעִיר kitha	וְאֶל־ lan-dhateng <a href="#">H0413</a>	יְשׁוּב wangsul <a href="#">H7725</a>	בָּה ing-piyambakipun	בָּא rawuh <a href="#">H0935</a>	אֲשֶׁר־ kang	בְּדַרְגָּן ing-margi <a href="#">H1870</a>	34
							יְהוָה: Sang-Yehuwah <a href="#">H3068</a>	נָא־ pangandika <a href="#">H5002</a>	יְבוּא mlebet <a href="#">H0935</a>

Dheweke bakal mulih liwat ing dalan, kang diliwati nalika teka, nanging ora bakal lumebu ing kutha kene. Mangkono pangandikane Sang Yehuwah.

לְמַעַן kangge-Kawula <a href="#">H4616</a>	לְהוֹשִׁיעָהּ kangge-nylametaken-piyambakipun <a href="#">H3467</a>	הָזֹאת punika <a href="#">H2063</a>	הָעִיר kitha	עַל־ ing	וְנִנְיֹמִי lan-Kawula-ngayomi <a href="#">H1598</a>	35	
				ס —	עַבְדִּי: abdi-Kawula <a href="#">H5650</a>	דָּוִד Dawud <a href="#">H1732</a>	וּלְמַעַן lan-kangge <a href="#">H4616</a>

Sarta Ingsun bakal mageri kutha iki supaya slamet, iku marga saka Ingsun lan marga saka Dawud, abdingSun.”

וּשְׁמֹנִים satus <a href="#">H8084</a>	מֵאָה Asyur <a href="#">H3967</a>	אֲשׁוּר kemah <a href="#">H0804</a>	בְּמַחֲנֶה ing <a href="#">H4264</a>	וַיִּכֹּה lan-nyerang <a href="#">H5221</a>	יְהוָה Sang-Yehuwah <a href="#">H3068</a>	מֶלֶאֶךָ malaekat <a href="#">H4397</a>	וַיִּצֵּא lan-medal <a href="#">H3318</a>	36
כָּלם lan-mangga-priksanana <a href="#">H3605</a>	וְהִנֵּה ing-enjing <a href="#">H2009</a>	בְּבֹקֶר lan-tangi-enjing <a href="#">H1242</a>	וַיִּשְׁכְּמוּ ewu <a href="#">H7925</a>	אֶלָּךְ lan-gangsal <a href="#">H0505</a>	וַחֲמִשָּׁה wolung-puluh <a href="#">H2568</a>	מִתִּים: bangke <a href="#">H4191</a>	פָּנָיִם sadaya-piyambakipun-sadaya <a href="#">H6297</a>	

Kacarita Malekate Pangeran Yehuwah nuli miyos lan mejahi wong kang ana ing tarub-tarube Asyur satus wolung puluh lima ewu. Esuke umun-umun iku kabeh wus padha dadi jisim.

בְּנִינֹה: — <a href="#">H5210</a>	וַיֹּשֶׁב ing-Niniwé <a href="#">H3427</a>	אֲשׁוּר lan-manggèn <a href="#">H0804</a>	מֶלֶךְ־ Asyur <a href="#">H4428</a>	סַנְחֵרִיב raja <a href="#">H5576</a>	וַיִּשָּׁב Sanherib <a href="#">H7725</a>	וַיֵּלֶךְ lan-wangsul <a href="#">H3212</a>	וַיִּסַּע lan-kesah <a href="#">H5265</a>	37
--	--	---	---	---	---	---	---	----

Marga saka iku Sang Prabu Sanherib, ratu ing Asyur, banjur bidhal kondur sarta lereb ana ing kutha Niniwe.

וּשְׂרָאֵזֶר lan-Sarezzer <a href="#">H8272</a>	וְאֲדָרְמֵלֵךְ lan-Adramelekh <a href="#">H0152</a>	אֱלֹהִיו dewa-ipun <a href="#">H0430</a>	נִסְרוֹחַ Nisroh <a href="#">H5268</a>	וּבֵית griya	מִשְׁתַּחֲוִיָּה sujud <a href="#">H7812</a>	הוּא piyambakipun <a href="#">H1931</a>	וְיָהִי lan-dados <a href="#">H1961</a>
אֶרֶץ oncat <a href="#">H0776</a>	נַמְלָטוֹ lan-piyambakipun-sadaya <a href="#">H4422</a>	וְהָמָה pedhang <a href="#">H1992</a>	בְּחָרֵב kaliyan <a href="#">H2719</a>	הִקְרָהוּ nyerang-piyambakipun <a href="#">H5221</a>	בְּנוֹ putra-putra-ipun		
ס nggantosi-piyambakipun		וְחָתָיו: putra-ipun <a href="#">H8478</a>	בְּנוֹ Esarhadon	חָרֵן lan-dados-raja <a href="#">H0634</a>	אַרָּרַט Ararat <a href="#">H0634</a>	וַיִּמְלֹךְ tanah	אֶרֶץ dhateng <a href="#">H0780</a>

Ing sawijining dina nalika panjenengane lagi sujud sembahyang ana ing kabuyutane Nisrokh, allahe, banjur kasedanan kalawan pedhang dening para putrane, yaiku Pangeran Adramelekh lan Pangeran Sarezser, kang nuli padha ngungsi menyang ing tanah Ararat, Pangeran Esarhadon, putrane kang banjur gumanti jumeneng ratu.